



Pou Piblikasyon Imedya: 14/10/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PLIS PASE 550 AKIZASYON NAN REPRESYON SOU FO IDANTITE AK MINÈ KI KONSOME ALKÒL

Depatman Veyikil a Motè a konsantre sou anpeche minè achte alkòl nan sal konsè ete yo

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke plis pase 550 moun te resevwa kontravansyon pandan represyon sezonnye Depatman Veyikil a Motè (Department of Motor Vehicle, DMV) Eta New York la sou itilizasyon fo idantite pou achte bwason alkolize. Kanpay ranfòsman Operasyon Anpeche (Operation Prevent) a konsantre anpil sou lokal konsè, kote jèn yo souvan eseye sèvi ak fo idantite pou achte alkòl. Envestigatè DMV yo travay avèk lokal yo ak lapolis lokal yo pou dekouraje minè yo bwè alkòl ak potansyèl pou kondui avèk kapasite afèbli ki kapab lakòz sa.

"New York gen anpil bèl lokal pou mizik an dirèk, epi nou vle moun yo jwi yo san danje", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Lè nou ogmante efò ranfòsman nou yo, n ap ede anpeche Nouyòkè ki poko gen laj yo achte alkòl epi redui risk pou yo kondui pandan yo entoksike. Sekirite jèn nou yo enpòtan anpil, epi mwen rekonesan anvè Depatman Veyikil a Motè ak patnè li yo pou efò yo fè pou ede asire sekirite Nouyòkè yo".

Komisè Depatman Veyikil ak Motè a, Mark J.F. Schroeder te deklare, "Envestigatè DMV yo se ekspè nan detekte fo idantite epi sèvi ak ekipman dènnye kri pou valide otantisite yon idantite, kidonk fo yo pa vo lapèn pou achte. Si ou poko gen 21 ane, nou ankouraje w jis jwi mizik la epi pa riske lavi w, sekirite w ak sekirite lòt moun nan konsome alkòl".

Vincent Bradley, ki se Prezidan Otorite Alkòl Eta, te deklare, "Minè ki bwè ka mennen nan konpòtman ensousyan ki ka lakòz konsekans danjere epi dire tout lavi. Nan travay avèk patnè nou yo nan DMV ak lapolis lokal, SLA te rete angaje pou retire alkòl nan men jèn minè yo. Nan travay an kolaborasyon ete sa, nou te kontinye misyon nou pou dekouraje alafwa biznis yo pou yo vann bay minè ansanm ak jèn Nouyòkè k ap eseye achte alkòl lè yo sèvi avèk fo idantite".

Komisè Biwo Sèvis ak Sipò pou Adiksyon (Office of Addiction Services and Supports, OASAS) Eta New York la, Chinazo Cunningham, te deklare, "Minè yo ki angaje nan bwè alkòl ka mennen nan pwoblèm sante, sa gen ladan yon pi gwo risk pou

yo devlope twoub abi sibstans yo pi devan nan lavi a. Nou dwe kontinye angaje nou nan efò prevansyon sa yo pou ede jèn yo rete an sekirite".

Envestigatè DMV yo resevwa fòmasyon epi yo sèvi ak ekipman sofistike pou eskane ak detekte fo idantite. Pandan kanpay ranfòsman ete a, yo te sezi 580 fo dokiman. Yo te bay yon total 505 kontravansyon pou tantativ pou sèvi ak fo idantite, epi yo te bay 46 lòt kontravansyon pou vyolasyon Lwa sou Bwason ak Kontwòl Alkòl.

Pwosè vèbal ak sezi fo idantite selon rejyon an gen ladan:

Rejyon	Pwosè vèbal	Sezi Fo idantite
Capital Region	168	172
New York Santral	41	41
Finger Lakes	259	275
Long Island	83	92
Total	551	580

Nouyòkè yo ki gen difikilte avèk adiksyon, oswa yon pwòch ki gen difikilte, ka jwenn èd ak espwa lè yo rele liy telefòn gratis Eta a, HOPEline 24 èdtan, 7 jou pa semèn nan 1-877-8-HOPENY ([1-877-846-7369](tel:1-877-846-7369)) oswa lè ou voye tèks HOPENY (Kòd Kout 467369).

N ap jwenn tretman pou adiksyon ki disponib yo gen ladan swen pou kriz/dezentoksikasyon, swen malad ki entène yo, swen rezidansyèl, oswa swen pou pasyan ekstèn, lè nou itilize Tablodbò Disponibilite nan [FindAddictionTreatment.ny.gov](https://www.findaddictiontreatment.ny.gov) oswa atravè [sitwèb Biwo Sèvis ak Sipò pou Adiksyon nan Eta New York](#).

Pou kapab jwenn plis enfòmasyon sou DMV, swiv DMV sou [Facebook](#), [Twitter](#) ak [Instagram](#).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418